# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 दिसम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

अनाज क न्यूनतम समर्थन मूल्य बदे कानून बनावे क मांगि के ले के बिपक्ष आजु राज्यसभा से वॉकआउट कइलस। आजु सबेरे जब सदन क बइठकी सुरू भइल त सभापति जगदीप धनखड़ न्यूनतम समर्थन मूल्य, चक्रवात फेंजल, सम्भल हिंसा अउर एगो प्रमुख ब्यौपारी समूह के खिलाफ कथित रिस्वत क आरोपन के मुद्दा पर बिपक्षी सदस्यन की ओरि से दीहल गइल स्थगन नोटिस के खारिज कै दिहलें। सभापति आस्चर्य जतवलें कि किसानन क मुद्दा पर पछिला हप्ता कउनों स्थगन नोटिस काहे नाहीं दीहल गइल अउर सदन क समय ब्यौधान में बरबाद कइल गइल। कुछु बिपक्षी सदस्य श्री धनखड़ के टिप्पणी पर आपत्ति जतवलें।

**********

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन– इसरो आजु पीएसएलवी– सी–उन्सठ से यूरोपीय अंतरिक्ष एजेंसी के प्रोबा–तीन उपग्रह क प्रक्षेपण यान में गडबड़ी के नाते आजु स्थगित कै दिहल गइल। येह उपग्रह के अब बिहने संझा चारि बजि के बारह मिनट पर प्रक्षेपित कइल जाई। ई उपग्रह सटीक सूचना हासिल करी, जवन विज्ञान अउर अनुप्रयोगन आ बड़हन पैमाना पर भविस्य क मिसनों बदे एगो नया जुग क सुरूआति करी।

**********

महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद क बानबेवां संस्थापक सप्ताह समारोह आजु से गोरखपुर जिला में सुरू हो गइल। पूर्व केंद्रीय मंत्री अउर मध्य प्रदेश क विधानसभा अध्यक्ष नरेंद्र सिंह तोमर बतौर मुख्य अतिथि उद्घाटन कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें।  कार्यक्रम क अध्यक्षता प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कइलें। येह मौका पर महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद से जुड़ल कई गो संस्थानन क विद्यार्थियन की ओरि से सहर के मुख्य राहिनि पर सोभाजतरा निकारल गइल। येह सोभाजतरा में गोरखनाथ मंदिर में स्थापित अखण्ड ज्योतियो सामिल भइल।

येह मौका पर मुख्य अतिथि श्री तोमर कहलें कि महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद सिक्षा के क्षेत्र में सर्वांगीण विकास बदे जवन कार कै रहल हौ, ऊ प्रेरणादायी हौ। गोरक्षपीठ भक्तियोग के साथे–साथ कर्मयोगो में लीन हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने अध्यक्षीय सम्बोधन में कहलें कि जब देश अपने आजादी क सताब्दी समारोह मना रहल होई त बिकसित भारत क परिकल्पना महत्वपूर्ण होई। एहमें सज्जो संस्थानन के आपन जोगदान देवे के होई। महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद एहमें खास भूमिका निभा रहल हौ।

**********

ब्रह्मलीन महंत अवेद्यनाथ षष्ठम अखिल भारतीय प्राइज मनी पुरुष कबड्डी प्रतियोगिता दुइ हजार चउबीस क फाइनल मोकाबिला में उत्तर प्रदेस क टीमि आंध्र प्रदेस के टीमि के बावन के मोकाबिले चउवन अंक से हरा दिहलसि। प्रतियोगिता के समापन समारोह में पहुंचल प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुन्नो टीमि के बधाई दिहलें अउर कहलें कि भविस्य में ग्रामीणो स्तर पर ई प्रतियोगिता करावल जाई। विधानसभा क्षेत्रो में हर विधायक अपने स्तर से ई प्रतियोगिता करइहें। मुख्यमंत्री येह मौका पर खेलाड़ियन के पुरस्कारो दिहलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार क खेल मंत्री गिरीश चन्द्र यादवो मौजूद रहलें।

**********

कांग्रेस नेता अउर सांसद राहुल गांधी के आजु प्रदेस क पुलिस सम्भल गइले से रोकि दिहलसि। गाजियाबाद जिला क पुलिस उन्हें बार्डर पर ही बैरिकेडिंग कइ के प्रदेस में घुसले से मना कै दिहलसि अउर वापिस दिल्ली रवाना कै दिहलसि। श्री गांधी कांग्रेस सांसद प्रियंका गांधी अउर कई सीनियर सहजोगियन के साथे सम्भल हिंसा क पीड़ित परिवारन से मिले जात रहलें। चउबीस नवम्बर के ओइजा भइल आगजनी अउर हिंसा के बदहीं से सम्भल में दस दिसम्बर ले बाहरी लोगिन क प्रवेस रोकि दीहल गइल हौ।

**********

प्रदेस क विभिन्न जिलन मे आजु से विटामिन–ए सम्पूरण कार्यक्रम सुरू भइल। एहमन अगिला सालि तीनि जनौरी ले नौ महिन्ना से पांच बरिस ले क लइकन के नियमित टीकाकरण सत्र स्थलन पर बिटामिन–ए क दवाई पियावल जाई। कौशाम्बी जिला में ओइजा क जिलाधिकारी मधुसूदन हुल्गी अउर उनकर पत्नी दीपिका बंबूरा क प्राथमिक विद्यालय से अभियान क सुरूआति कइलें। उहां के लोगिन से अपीलि कइलीं कि अपने लइकन के विटामिन–ए क बिसेस खोराक जरूर पियावें। येह दवाई से रतौंधी, कुपोसण अउर अंधापन के सथहीं कई बेमारियन से बचाव होला। ई दवाई लइकन में रोग प्रतिरोधक क्षमतो बढ़ावे ले।

**********

देस में आजु नौसेना दिवस मनावल जा रहल हौ। भारतीय नौसेना क भूमिका अउर उपलब्धियन के मान्यता देवे बदे हर सालि चारि दिसम्बर के ई दिवस मनावल जाला। बरिस ओन्नइस सौ एकहत्तर में अजुये के दिन्ने ऑपरेसन ट्राइडेंट में भारतीय नौसेना पीएनएस खैबर के साथे पाकिस्तान क चारि पोत डुबा दिहले रहल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर सुभकामना दिहले हवें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग येहू हप्ता मौसम के सुस्क रहले क आगम जतवले हौ। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से येह हप्ता सबेरे के समय प्रदेस में कई जगहिनि पर हल्लुकाहे धुंध आ कुछु जगहिनि पर हल्लुकाहे कुहेसा क सम्भावना हौ। अगिला दुइ दिन ले बीस से तीस किलोमीटर प्रतिघंटा क रफ्तार से प्रदेस में तेज बेयरियो चलि सके ले। अगिला चउबीस घंटा के भित्तर तापमान में कउनों खास बदलाव नाहीं होई, हलांकि एकरे बाद अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस गिरावट क सम्भावना जतावल गइल हौ।

**********